ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№226 (22.134) ● 2011 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 30, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Путин Владимир и кандидатурэр къызэрагъэлъэгъуар

зэман кІыхьым тещІыхьа Іуэхухэр зэфІэгъэкІыным хуэунэтІа лъабакъэущ

- УФ-м и Президенту хахьи папщІэ Путин Владимир и кандидатурэр къызэрагъэлъэгъуар зэман кІыхьым тещІыхьа Іуэхухэр зэфІэгъэкІыным хуэунэтІа лъэбакъэущ. Къэралым зэрызиужьыну стратегиер ильэс куэдкІэ яп э иту яубзых. Абы Іэмал кІыт хэкур зытелажьэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэпымыууэ пыщэнымкІэ, властым и мурадхэр щыхухэм я дежкІэ гурыІуэгъуэу щытынымкІэ. Президентым и кандидатурэр Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахыну пІалъэм и пэ кьихуэу къызэрагъэлъэгъуар щыхьэт тохъуэ «Урысей зэкъуэтыр» Іуэхум зэкІэлъыкІуэу зэрелэжьым, абы иригъэкІуэкІ политикэр зэпымыууэ зэрыригъэфакІуэм.

ДызыхуэкІуэ ильэсхэр дуней псоми Урысейми я экономикэм дежкІэ тыншу щытынукъым. УФ-м и Президентым и кандидат Путин Владимир зи пашэ унафэщІ гупым лэжьыгъэм фІыуэ хащІыкІ икІи къэкІуэну гугъуехьхэм зэфІэкІ къагъэлъагъуэу ящэщІэтыфынущ.

«Урысей зэкъуэтым» Путин Владимир и кандидатурэр къызэригъэлъагъуэр Урысейпсо ЦІыхубэ фронтми деІыгъ. Аращ иужьрей мазэхэм ЦІыхубэ фронтым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэшхуэм и купщІэр. Апхуэдэу фигу къэзгъэкІыжыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балькъэрым пэублэ хэхыныгъэхэр щыщІагъэкІуэкІым ди цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм зэрытепсэлъыхьар.

● ЗэпыщІэныгъэхэр

«Телемеханика» ОАО-м и унафэщІ Къер Аслъэн (*щэхьмкІэ*) предприятэм къыщыщІагъэкІ продукцэр иригъэлъагъу Азербайджаным экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Мустафаев Шахин (*сэмэгурмкІэ*).

Азербайджан - КъБР

Вэсэмахуэ Къэбэрдей-Балькъэрым къэкІуащ Азербайджаным экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Мустафаев Шахин зи тхьэмадэ лЫкІуэхэр, республикэм и экономикэ зэфІэкІыр зыхуэзэр зрагъэлъагъуныр, я къэралымрэ Урысей Федерацэмрэ зэдэлажьэныжьмкІэ Іэмалыщ Іэхэр къэгъуэтыныр я мураду.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и премьер-министрым и яп э къуэдзэ Абрадж Іэдыб, Правительствэм щыщхэр я гъусэу, хьэщІэхэр щыІащ «Телемеханика» заводым, абы къыщыщІагъэкІ продукцэм щыгъуазэ защІащ.

ИужькІэ хьэщІэхэмрэ республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ щызэІуищІащ «Синдика» хьэщІэщым. Аэр щригъэблагъэм, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван къыхигъэщащ Азербайджаным нэхърэ нэхъ зызыужьа экономикэ зиІэ къэралыгъуэ Кавказым зэрыщымыІэр икІи абы и лЫкІуэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и щыналъэм щилъагъуну икъукІэ зэрригуапэр.

Мустафаев Шахин хэгъэрейхэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ящІащ Азербайджаным и экономикэр нобэ зэрыт щытыкІэм, кьигъэлъэгъуащ фейдэ зыхэлъ проект гъэщІэгъэнэхэм доллар мелард зыбжанэ халъхьэну мурадыфІэхэр зэрадІэр.

Республикэм и министрхэм хьэщІэхэр щыгъуазэ ящІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм къызэщІиубыдэ ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэм, къэралитІыр ди щІыналъэм щызэхъуэувэфыну Іуэхугъуэ зыбжанэми я гугъу ящІащ.

Азербайджаным кьикІа лЫкІуэхэм ди республикэм щалъэгъуар, щызэхахар зэпкърыхауэ къэзыІуэтэж тхыгъэ мыгувэу ди газетым къытехуэнущ.

ГЪУЩІО Зариф.

ЦІыхухэм я пащхьэ къыщищта къалэн псори къэралым егъэзащІэ

● Депутатым и псалъэ

Васильев Юрий

2012-2014 гъэхэм федеральнэ бюджетым и ахъшэр зытрагъэкІуэдэну Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди цІыхухэм я пащхьэ къэралым кьищта социальнэ кьалэнхэр фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІныр, лъэпкъ экономикэр кьэгъэщІэрэщІэжьныр, шынагъэуншагъэр гъэбыдэныр, армэмрэ флотымрэ иджырей ІэщэфащэхэмкІэ зэщІэуэздэныр.

2012 гъэм бюджетым и хэхъуэхэр сом триллион 11,8-рэ, хэщІхэр сом триллион 12,7-рэ хъуэну щытынущ. КъызэрабжамкІэ, ильэсищым къралым и зэфІэкІым нэрылъагъуэ хэхъуэнущ. 2013 гъэм федеральнэ бюджетым и хэхъуэхэр сом триллион 12,7-рэ, хэщІхэр сом триллион 13,7-рэ, 2014 гъэм хэхъуэхэр сом триллион 14-м щІигъу, хэщІхэри апхуэдизэ хъуну щогугъ.

КъыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ 2012 гъэм щегъэжьауэ бюджетыр зэман кІыхьым кІуиубыдэу экономикэм зэрызиужьыным тещІыхьауэ зэрызэхалъхьэнур. Абы къыщымынэу, 2013 гъэм щегъэжьауэ бюджетым и зэхэлъыкІэр программэ пыухыкІауэ къэралым щагъэзащІэхэм быдэу пыщІауэ щытынущ. Абы Іэмал кьытынущ бюджетым и хэщІхэр нэхъ наІуэу икІи нэхъ сэбэн пылъу къэгъэсэбэныныкмкІэ. Ахъшэр зытрагъэкІуэдэну мурад пыухыкІаэхр щыщІэІэнукІэ, а ахъшэр къэгъэсэбэныныкмкІэ жэуап зыхъхэм я ящІэнукІэ, ахъшэр къэгъэсэбэныныкмкІэ жэуап зыхъхэм я адрей документхэм щыубзыхуахэмрэ гъэзэщІэныкмкІэ 2012 - 2014 гъэхэм зыхуэфащэ Іэмал псори щыІэнущ.

Къэралым и финанс документ нэхъыщхьэр социальнэ Іуэхухэр дэгъэкІыным хуэунэтІащ. Абы кьыдэкІуэу бюджетым къызэрегъэпэщ къэралым адэкІэ зегъэужьынри.

Бюджетым и хэщІ псоми я процент 30,8-р социальнэ Іэнатіэм трагъэкІуэдэнущ. Лъэпкъ зыхьуэмэзыныгъэмрэ шынагъэуншагъэр къызэгъэпэщыныкмрэ хуауТІыпщынущ процент 29-м нэблагъэ. ЦІыхухэм я пащхьэ кьищащта социальнэ кьалэн псори финансхэмкІэ къызэгъэпэщащ, абы кьыхэкІыу ахэр фІэкІыпІэ имыІэу агъэзэщІэнущ. Ахъшэ дэпыкъунытэ зэмылІэужьыгъуэхэм, стипендиехэм хагъэхъуэнущ. 2012 гъэм кІриубыдэу пенсэхэм тІэунейрэ щІагъунущ икІи лэжьыгъэкІэ цІыхухэм кьахьа пенсэхэр ику иту сом мини 9 хуэдизэ хьунущ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, гулъытэ хэха хуащІыпущ узынщагъэр хьумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ. Абыхэм ильэс кьакІуэ хуаутІыпщынущ япэрейм - сом мелард 500-м, етІуанэм - сом мелард 600-м щІигъу. А ахъшэмкІэ сымаджэщхэм, поликлиникэхэм я унэхэр, транспортыр, Іэмэпсымэхэр кьагъэщІэрэщІэжьынущ, медицинэм и Іуэхутхьэбзэхэр ирагъэфІэкІуэнущ, егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэм хагъэхъуэнущ. Апхуэдэу ахьшэ хухахьнущ медицинэм и Іэщ Іагъэлъ Іуэхуажьхэм щылажьэну кІуэхэм ядэІэпыкъуным, егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэм хэгъэхъуэным. «УФ-м щыІ фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Іуэхукі» Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкІыныгъэр хуэунэтІащ зи ныбжьыр ильэс 35-м щІимыгъуа дохутыру кьуажьэхэм щылажьэхэм зэ тыгъуэу сом мелуаным нэскІэ ядэІэпыкъуным. Нэхъ гурыІуэгъуэу жыпІэмэ, 2011 - 2012 гъэхэм апхуэдизэ ахьшэ иратынущ вузыр кьауха нэужь кьуажэ сымаджэщхэм щылажьэну кІуэхэм, апхуэдэу сэныхэм я Іэщ Іагъэмкі дзжьэн папщІэ зы кьуажэм иІэпхъукІыу адрей кьуажэм Іэпхъуа дохутырхэм. Законым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, абыхэм щыпсэун унэ е езыхэм я псэупІэ щаухэн щІы Іыхьэхэр хухахынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

ІэщІагъэлІхэм я зэфІэкІыр дэнэ нэсрэ?

● Къэпщытэныгъэхэр

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м щегъэжьауэ кадастр инженерхэм я Іэщ Іагъэмкі зи чэзу экзаменхэр Къэбэрдей-Балькъэр бизнес-инкубаторым кьыщыІахьнущ. Дызэрыщыгъуазэщи, «Ямыгъэлэпхъуэ мылькум и кадастрым и Іуэхукі» Федеральнэ законым къызэрагъэувымкІэ, дызэрыт ильэсым и пэщІдзэр лъандэрэ кадастр лэжьыгъэм хэтыну хуит ящІыр кадастр инженерым и Іэщ Іагъэ зэрэлэжьэ экзаменхэр зыта цІыхухэрэщ.

МЫЛЭЖЬЫГЪЭ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэжьауэкІыныкмкІэ кьэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органу хахащ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр. Кьэрал реестрымкІэ управленэу КъБР-м щыІэм щІыгъуу абы кьызэригъэпэщащ Іэщ Іагъэмкі экзаменхэр кьеІызыхьну комиссэ.

Іэщ Іагъэмкі экзаменхэр кьыІахьу зэрыщІадзэрэ я щІэныгъэр кьрагъэпщытэну кьэлъІуахэр цІыху 230-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 219-р экзаменхэм екІуэлІати, ахэр зытыфар цІыхуи 105-рщ. Абыхэм ящыщу цІыху 75-р кадастр инженеру иджыпсту Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щолажьэ.

КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм правовой Іуэхухэмкі я кьудамэм и Іэщ Іагъэлі-эксперт Иуан Тимур къызэрыджиІамкІэ, бизнес-инкубаторым щекІуэкІыну экзаменхэр кьыІахьынущ Мылькур къэралым егъэтхьныкмкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и заказкІэ зэхалъхьа автоматикэ программэхэр кьагъэсэбэпурэ. Комиссэм хэтынущ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм, Реестрымкі управленэу КъБР-м щыІэм, «Щ Іым и кадастр палатэ» федеральнэ къэрал Іуэхущ Іапі эм я Іэщ Іагъэлі хэр.

Іэщ Іагъэмкі экзаменхэр щызэхащІэрэ зэрыІэмкІэ экзаменхэр дэтхэнэми итыну хуитщ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Республикэм Іулъхьэм щобэн

Іулъхьэ зэрыщэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуха хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.



Гъуэгур зэпаубыд

Косовэ и ищхьэрэ щІыналъэм НАТО-м и зауэлІхэмрэ абы щыпсоуэхэмрэ щызэзауэри, зауэлІ 25-м фэбжь ягъэтащ. Сербием и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэратхъымкІэ, а Іуэхугъуэм уІэгъэ хэхъуэхащ зауэлІхэр зэрэуа лъэныкъуэм щыщу (мамыру псэу цІыхуу) 50. Ахэр псори сербщ.

НАТО-м и зауэлІхэм кьагъэсэбэнащ хьэфэм кьыхэщІыкІа шэрэ псыутх лъэрызехьэрэ, куэду зэхуэса цІыху гупыр зэбграхун папщІэ икІи техникэ хьэлъэкІэ абыхэм зэхуащІа гъуэгур хуит кьащІыжащ. А гъуэгур щызэхуащІат Зубин-Поток кьалэм пэмыжыжьэу, автобусхэмрэ хьэлъэзешэ автомашинэхэмрэ кьрагъуэвэкІри, Германиемрэ Австриемрэ щыщ зауэлІхэм нэпс кьыщІэзыху газрэ щыбжий аэрозолрэ кьагъэсэбэпащ, гъуэгур хуит кьэзымыгъэщІыж демонстрацэр зэбграхун папщІэ. Иджыри зэ апхуэдэу кьапэувмэ, абыхэм ЇэщэкІэ суэну а зауэлІхэр хуит ящІащ. ИтІани, демонстрацэм хэтхэр зэбгрыкІакьым, аргуэру гъуэгур зэхуащІ. ЩытыкІэр зэщІэплъэ зэпытщ.

Косовэ и ищхьэрэкІэ гъэмахуэм щытыкІэр щызэщІэплъат, абы и ещанэ гъунапкъэхьуэмэхэр къызэригъэпэщу, КПП ихуэн щыщІидзэм. А щІыпІэм щыпсэу сербхэм ар ядэркъым, Косовэр Сербием и щІыналъэу къагъэуври.

Ливаныр кьеуэри

Ливаным и щІыналъэмкІэ къраутІыпщыкІа ракетэ зыбжанэ къыщыуащ Израильм и ищхьэрэ куейхэм.

«Аль-Джазира» телеканалми къызэригъэльэгъуамкІэ, блыщхьэмрэ гъубжымрэ я жэщым а ракетэхэр зэуар Галилее КъуэкІыпІэ куейращ. Абы унэ зыбжанэ зэтрикъутащ, ауэ зыри зэкІуэдакъым.

Телеканалым къызэритымкІэ, Израильм и дзэр еуэжащ а ракетэхэр къыздильэтыкІауэ зыхуигъэфэща щІыналъэхэм.

Ящэн щІадзэ

АВТОВАЗ-м дыгъуасэ щІидзащ «Лада Гранта» автомобиль лЫуэжьыгъуэр зыубгъуауэ къыщІигъэкІыр. Ацхуэдэу конвейерым япэу къытекІар и фэкІэ хуэжьщ.

«Лада Гранта» проектым и унафэщІ Груненков Олег зэрыжиІамкІэ, Іуэхур конвейерым нэсын и пэ а автомобиль лЫуэжьыгъуэщІэм хуэдэ щэ бжьагъэ зыбжанэ зэпкъралъхьат. Иджы «Лада Гранта» лЫуэжьыгъуэр щэн щІадзэнущ дыгъэгъазэм и яп э махуэхэм. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы щІэупщІэ иЭнущ 2020 гъэ хъуху.

АвтомобильщІэм лъабжьэ хуэхъуар «Лада Калина» лЫуэжьыгъуэм и зэпкърылъыкІэращ. АбыкІэ зэрахьэкІын я гугъэщ «Лада 2107», «Лада Самарэ», «Лада Калина» конвейерхэр. ЛЫуэжьыгъуэщІэр сыт и лъэныкъуэкІи нэхъ Іэхуитлъэхуитщ, нэхъ тыншщ, нэхъ быдэщ. Абы уасэу хуагъэуващ сом мин 256-рэ.

МашинэщІэм и конструцэр зэрагъэзэхуащ бжьыгъ (цифровой) технологиекІэ, «Рено-Ниссан» зэгухьэныгъэм и Іэмалхэмкі, кьыхуагупсысащ клапану 8 зиІэ, литр 1,6-рэ зи инагъ моторыщІэ. Абы километри 100 кьэнкІуным гъэсыныпхьэу трегъэкІуэдэ литри 7,2-рэ, нэхъыбэ дыдэу зы сыхьэтым километри 167-р и псынщІагъщ.

НОБЭ

◆ **Барбадосым и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - 1966 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

◆Илъэс 70 ирокъу «Урал» автозаводыр къызэрыунэхурэ.

◆Илъэс 25-рэ и пэкІэ къэрал комиссэм ягъэтлъэжьну хуит ищІат 1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къэуауэ щыта Чернобыль АЭС-м и 4-нэ энергоблокыр. Арщхьэкіэ абы а щІэзыхьэмэ ухуэнныгъэр щхьэщащІыхьри, зэхуащІыпащ.

◆ Илъэси 110-рэ и пэкІэ къызэрагъэпэщащ Иркутск и сейсмическэ станцыр.

Дунейм и щытыкІэнур

meteonovosti.ru сайтым къызэритымкІэ, нобэ Налшык пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм 0 градус, жэщым щыІэу градуси 5 щыІэнущ.

ПІалъэр зыхьэхъэзыр ГЪУЩІО Зариф.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Хьэщ Іэ къашэ щыІэщи, хьэщ Іэ ишыж щыІэкъым.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и яп э ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Чуров Владимир къахуоблагъэ

АДЫГЕЙ. *Тхьэкіэушынэ Аслъэнджэрийрэ Урысейм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі Чуров Владимиррэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Кьэрал Думэм и хэхыныгъэхэм республикэм зэрыщыкъуэхьэзырым тепсэлъыхьащ.*

ФЕДЕРАЛЬНЭ центрым Адыгейм кьыхуищІ гулъытэмрэ зыкъызэрыщІигъакъуэмрэ папщІэ фІыщІэ зэрахуищІыр кьыхигъэщащ Тхьэкіушынэм. Абы Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІыр зэпэрыхьауэ щыІащ хэхыныгъэхэм зэрыхуэхьэзырым. ИужькІэ Чуров Владимир хэхьпІэ участкэхэм ящыщ зым щыІащ икІи ильэгъуэм арэзы зэрытехьэуэ, хэхыныгъэхэр хабзэм тету республикэм зэрыщекІуэкІынур и фІэщ зэрыхъур жиІащ.

Анэ быныфІэхэр ягъэпажэ

Анэхэм я дунейпсо махуэм теухуа зэІущІэ гуапэ Мейкъуапэ и ресторанхэм ящыщ зым щекІуэкІащ. Абы къыраубзэ дзгъа анэ нэхъыфІхэм махуэшхэмкІэ ехьэухьэуащ республикэм и унафэщІхэм я лЫкІуэхэр.

АДЫГЕЙМ щыщ анэ нэхъ быныфІэхэу 10-м «Анэм и щІыхь» республикэ дамыгъэхэр, сабиилІ, нэхъыбэ зыпІхэу 17-м «Сабийхэр гъэсэным щаІэ фІыщІэм папщІэ» щІыхь дипломхэр иратащ. Абыхэм ахъшэ саугъэти дыщІагъуащ.

Кхъухьлъатэхэр щызэпкъралъхьэн папщІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид федеральнэ, щыналъэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я журналистхэм щалъыІам къызэрыхигъэщамкІэ, кхъухьлъатэхэр щызэпкъралъхьэну ІэнатІэ КъШР-м щаухуэнущ.*

АВИАЦЭ цІыкІум и кхъухьлъатэхэр щызэпкъралъхьэну Іэхуащ Іапі эр Малокарачаевск куейм щаухуэнущ. Абы и проект-сметэ тхылъхэр хьэзырщ, къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ, яп э цехэр гъэувын щІадзащ. Проектым и инвестор нэхъыщхьэр «Интеравиа» конструктор бюররщ.

Сом мелард хухех

Къэрэшей-Шэрджэсым гъуэгуфэр щыуухуэным дызытехьэну 2012 гъэм сом зы мелард щыхухахынущ. Мылькур къэралым и гъуэгу фондым къыхэкІынущ.

- АР МЫЛЪКУШХУЭЩ икІи яп э ирагъэщу яухуэну, зэрагъэпэщыжыну гъуэгуфэр зэрагъубзыхуным зыхуэфащэ ведомствэхэр ящыщ псту яужь итщ. Ар ильэсым и кІэм ирихьэлІэу яГъэбелджылын хуейщ. ЩІыналъэ гъуэгу фондыр ильэситхукІэ пэжьэнущ, икІи а зэманым къриубыдэу куэд тхузэфІэкІыну, ди гъуэгуфэр зыхуей хуэдгъэзэфыну си фІэщ мэхъу, - жиІащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Щыхухэм я пащхьэ къыщыщта къалэн псори къэралым еГъэзащIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

2012 гъэм и бюджетым и проектым кьыщалытащ «Урысей эхьуэт» фракцэм къыхилъхьахэр. Кьапщтэмэ, «Узынщагъэр щрагъэфIакIуэ, физкультурэ комплексхэр щIыныр» проектым сом меларди 3 хуэхах. Апхуэдэу сом 1 мелард трагъэкIуэдэнущ зыгъэпскIыпIэ бассейнхэр щIыным.

ЦIыхухэм я дежкIэ мыхьэнщхэу зиIэ унэтIынытГэхэм ящыщщ псэупIэ унэхэр хуэунаи. Абы 2012 гъэм сом меларди 179-рэ трагъэкIуэдэнущ. Абы щыщу сом мелард 18-р Хэку зауэшхэм и ветеранхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыныр зэфIэгъэкIынымкIэ. Абы и фIыщIкIэ, 2011 гъэм бадзэугъэм и 1-м ирихьэлIэу псэупIэ кьыIахьну зезыгъэтха ветеранхэм ящыщу мин 38-м фэтэрхэр иратынущ.

Экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр, мэкъумэш хозяйствэр кьапщтэмэ, абыхэм кьапэщыт кьалэнхэр нэгъэсауэ зэфIагъэкIын, проект инхэм елъэжьын пащIэ яхурикъуну ахьшэ яIэрыльхэнущ.

Псалъэм пащIэ, агропромышленнэ комплексым федеральнэ бюджетым щыщу сом меларди 136-рэ хуэхах. Фермер ныбжьыщIэхэм дэIэпыкъуныгъэ сом меларди 2 иратынущ. Бюджетым кьыхэкIыу федеральнэ дэIэпыкъуныгъэ яГъуэтынущ кьухьльатэхэр, кьхъухьэр, автомашинэхэр щIыным елэжь IэнатIэхэм. Гъэугъэр ухуэным ильэсищым кьриубыдэу сом триллионым щIигъу трагъэкIуэдэну я мурадщ.

Бюджетым щытепсэльыхьым Къэрал Думэм и депутатхэм бюджет политикэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа зэхъуэкIынигъэу 295-рэ кьыхалъхьати, абыхэм ящыщу 151-р кьащтащ. А зэхъуэкIынигъэ псоми япкъ иткIэ зыхуеину ахьшэр кьызэрагъэпэщащ финансхэр зэрырагъашэ щыкIэр зэрагъэтэмэмыкъм и хьэкъкIэ. Кьапщтэмэ, правительствэм кьыхилъхьэри,ديутатхэм даIыгъащ кьэралым щIыхухэм я пащхьэ кьыщыщта кьалэнхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэну ахьшэр сом мелард 165,4-кIэ нэхьыбэ щIыным теухуа зэхъуэкIынытэр. А ахьшэр нэхьыбэу кьагъэсэбэнынущ ядерив Iэщэр щагъэунэхум, адрей гъэзэгъэу зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщыхъуам радиацэм и ехъэн зэрэ. Iа щIыхухэм ядэIэпыкъун пащIэ. Апхуэдэу ар трагъэкIуэдэнущ 1941-1945 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхэм и ветеранхэм мазэ кьэс ират ахьшэм яхущIыгъуным, илъэсищ иримыкъуа сабий зиIэ щIыхьэхэм ящыщу щыщIалажьэ организацэхэр зэрызэхъуащIыжым кьыхэкIыу лэжьапIэншэу кьэнахэм ядэIэпыкъуным, нэгъэущIэхэм.

Къэралым зегъэужьыжынымкIэ, щIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэщхэу яIэщ бюджетым хальхьа адрей зэхъуэкIынигъэхэм.

2012 - 2014 гъэхэм я федеральнэ бюджетыр ахьшэкIэ кьызэгъэпэщыныр нэхъыбэу зэлъытар налогхэрщ. Абы кьыхэкIыу налогхэм я хэкIыпIэхэм адэкIи эхпльэжьнущ, ямыгъэIэпхъуэ мылъкум налогхэр зэрытралъхьэ щIыкIэр иратэфIэкIэнущ.

Бюджетым кьыIэрыхьэ хэхъуэхэр кьиIэтынущ фадэм тралъхьэ акцизхэр нэхъыбэ зэращIынум. Абы и хьэкъкIэ бюджет Iэнатlэм 2012 гъэм сом меларди 135-рэ кьыIэрыхьэнущ, 2014 гъэм ар сом мелард 250-рэ хуэдиз хъунущ.

ТутынымкIэ акцизхэри нэхъыбэ ящIыну кьыхалъхьэ. 2014 гъэм абы кьыпэкIуэ хэхъуэр сом мелард 429-м нэсынущ. А бжыгъэр мащIэкъэ куэдрэ кьыбгурыIуэн пащIэ я хьэбгъэпагъэр хъунущ тутыным тралъхьэ акцизхэм я хьэкъкIэ бюджет Iэнатlэм 2006 гъэм кьыIэрыхьа ахьшэм сом мелард 36-м зэрыщIынмыгъэр.

Иджыри зэ кьытезгъэзэжынщи, 2012 - 2014 гъэхэм къэралым и бюджет политикэр зыхуэунэтIар социально-экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыту зэтеГъуэрзжынныр икIи экономикэ зыужынныгъэр щIэтхъуэгъэбжьынырщ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, бюджетыщIэм и концепцэм кьызэрегъэпэщ къэралполитикэм и стратегие мурадхэр зэгъэхъулIэныр.

ВАСИЛЬЕВ Юрий,
УФ-м и Къэралдумэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI.

2011 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЛЫ КЬЭЛЭЖЬЫНЫМ ЗРАГЪУЭЖЬЫН ПАЩIЭ СУБСИДИЕХЭР ЗЭРЫЩЫХУХАХ ХАБЗЭХЭМ Я ЛУЭХУКIЭ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щкIуэгъуэгъуэм и 10-м №331-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лы кьэлэжьынымэ зыщIагъэжьынымрадкIэ, «Урысей Федерацэм и субъектхэм я мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкIэ экономикэ мыхьэнэ хэха зиIэ щIыналъэ программэхэр ягъэзэщIэнымкIэ ядэIэпыкъун пащIэ федеральнэ бюджетым и субсидиехэр зэрытрагъашэ икIи ахэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм зэрыхуаутIыщ Хабзэхэр кьэщтэным и Iуэхукъ»эр 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №1042-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

2011 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лы кьэлэжьынымэ зрагъэужьынымрэ пащIэ щыхухэх субсидиехэр зэрытрагъашэ Хабзэхэр кьэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдиз.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван

«Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкIуэкIыныр» 2011-2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щкIуэгъуэгъуэм и 11-м №340-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкIуэкIыныр» 2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа программэ хэхауэ (адэкIэ - Программэщ) мы Унафэм щIигъуу кьащтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ и министерствэм (Мусуков А.ТI.) хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIыу ахьшэ зыхуаутIыпщынымкIэ хуей республикэ программэ хэхахэм я спискэм мы Программэр хигъэхьэну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щызэхилъхьэкIэ мы Программэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахьшэр кьилъытэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзанIэ

УЯНАЕВ Казым

● Абы дегъэпIейтей

Лъэпкъ Iуэхумрэ захуагъэмрэ

Сакъыу тхъумэ гупсысэхэмрэ гукъэкIыжхэмрэ дапщэщи псэр ягъэпIейтей. Си пащхьэ илъ сурэтым ит цIыхум и нахэм, гуапагъэм нэмыщI, кьыщIих кьыпфIощI гуаузэр гукъеуэу абы игъэныу кьыхуиухэ псори. Ар Конради Самуилщ, лъэпкъкIэ нэмыщэ, ауэ Германиер зи и Хэку зымылъыта цIыхущ. Хэку зауэшхэр щыщIидза лъэхъэнэм Конрадихэ я унагъэр илъэс 60-м щIигъуауэ ди къэралым щыпсэурт. Нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэр Советэ Союзым кьытеуа нэужь, ущIи уси хэмылъу, Самуил япхъуатэри дашащ, куэд дамыкIыуи тутнакъэщым ихуащ. Апхуэдэу, нэмыщэ лъэпкъым кьызэрыхэкIам фIэкIа нагъуащI щхьэусыгъуэ имыIэу, Конради ишэчащ бэлыхьищэхэр.

САМУИЛ и гъащIэ псом кьудокIуэкI илъэс 19-кIэ Колымэ щигъэва гугъуехьхэр. ЦIыху пэжу, ищIэнрэ ишхынрэ игъуэту, къэралым, и унагъуэм псэ хьэлэкIэ яхуэлажьэу зауэм и пэкIэ псэуа нэмыщэ щIалэм зы дакъикъэм дунейр кьытеункIыфIат. Хэт ищIэрэ, и унагъуэмрэ ей кьезыуа, атIэмэ и лъахэу, и Хэкуу илъэ къэралымрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр мыхъуамэ, ар кьемылынкIи хъунт апхуэдизэ бэлыхьым. Езым хуэдэ нэгъуэщIхэр захуагъэ ящIыну, ущIэнрэ ишхынрэ игъуэту, къэралым, и унагъуэм псэ хьэлэкIэ яхуэлажьэу зауэм и пэкIэ псэуа нэмыщэ щIалэм зы дакъикъэм дунейр кьытеункIыфIат. Хэт ищIэрэ, и унагъуэмрэ ей кьезыуа, атIэмэ и лъахэу, и Хэкуу илъэ къэралымрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр мыхъуамэ, ар кьемылынкIи хъунт апхуэдизэ бэлыхьым. Езым хуэдэ нэгъуэщIхэр захуагъэ ящIыну, ущIэнрэ ишхынрэ игъуэту, къэралым, и унагъуэм псэ хьэлэкIэ яхуэлажьэу зауэм и пэкIэ псэуа нэмыщэ щIалэм зы дакъикъэм дунейр кьытеункIыфIат. Хэт абыхэм ятупсысыр? Дэтхэнэ щхьэусыгъуэри кьэбгъэсэбэпу лъэпкъхэр зэпэщIэбгъуэвэнри е лъэпкъ хэхам къызэрыхэкIа къудейм щхьэкIэ цIыхур бгъэкъуэнщэнри ар зэхъуэкIынущ.

Къэралым щыпсэу лъэпкъхэр зэхуэдэкъым я зыужьынигъэкIи яхэлъ щэнхабзэкIи.Ахэр псори щIохъуэпс зыуэзащIынигъэм, е хуэлеигъэ нэхъыщIхьэу къэдлъытэн хуейуэ аращ. Сабий кьалъхъуагъащIэр псоми фIыуэ доальагъу, ди нэм, ди псэм хуэтхъу. Зыри дегупсысыркъым ар кьызыкIа лъэпкъым, ар Тхьэр цIыхум кьызэрыхуэупса фIыгъуэу кьыдолытэри. Ауэ щIыхукIэ, лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэр балигъэм я Iэужьу аращ, политикэ фащэ «щатIагъэмэ» яфIэфIу.

Иджырей унафэщIхэм я пщэ кьыдэхуэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэрэ щыIэныгъэрэ кьыдэалъхьэныр, дэтхэнэ лъэпкъыми къыдолытэнри. Ар ныкъуканыгъэншэу зыхуэзэфIэкI къэралыр щыщ кьэкIуэну дахэ зиIэр.

БЕЦIЫКIУ Хьэзешэ.

Мы мазэм ильэси 170-рэ прокьу Урысей Федерацэм и Ахьшэ хъумапIэ банкыр кьызэрыунэхурэ. Ар кьыззэрагъэпэщат 1841 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м (а зэманым щыIа махуэгъэпсымкIэ - жэпуэгъуэм и 30-м).

Урысейм и Сбербанкыр Къэбэрдей-Балькъэрым зэрыщылажьэрэ мы гъэм ильэс 85-рэ ирикъуащ. А махуэхэм ирихьэлIэу дэ зыхуэдгъэзащ УФ-м и Ахьшэ хъумапIэм КБР-м щIэ кьудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий, я нобэрей лэжьакIэр зыхуэздэзм, я Iуэху зекIэкIэм кьыхихьауэ Iэмальщ Iэхэм ар тедгъэпсэльыхьым мурад диIэу. Ди гуапэу фи пащхьэ идольхьэ Урысбий Хьэмидбий етта ущIэхэм кьарита жэуапхэр.

- Хьэмидбий, фи Iуэхуэр сыт хуэдэу фрихьэлIа фи Iэщагъэм епха махуэшхуэхэм?

- Ахьшэ хъумапIэр ильэси 170-рэ щрикъу махуэшхуэм дрихьэлIащ екъулIэныгъэфIэкIэр диIэ у, ди банкым и хьэрычэтыщIэ Iуэхуэм сыт и лъэныкъуэкIи заужьащ, ди дежкIи Iуэхуэр зэжьэуэту, зэгурыIуэу зэрызэдгъажьэм и фIыгъэкIэ.

Урысейм и Ахьшэ хъумапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэр республикэм и кредит-финанс Iуэхущапlэ нэхъ ин дыдэщ. Нобэ ар иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкIи хэзагъэ ахьшэ хъумапIэщ. Абы и лэжьыгъэм, и Iуэхутхьбзэхэм арэзы кьещIыф социальнэ гуп зэхуэмыдэхэм ящыщ щыхуэхэр. Ди банкым ихьумэ ахьшэм щыщу процент 37-р Iуэхущапlэхэм, процент 61-р цIыху щхьэхуэхэм яйщ. Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуэкъмрэ и Iуэхущапlэхэмрэ зэхэту ди банкым щахьумэ сом мелард 12-м щIигъу.

Ди Iуэхущапlэр щэщIауэ холъэжьыхь федеральнэ, республикэпсо социально-экономикэ программэхэр гъэзэщIэным ахьшэ хуэзуIыпщынымрэ. Ди ахьшэ хъумапIэм и инвестицэ лэжьыгъэр я щIэгъэкъуэну, республикэм и мэкъумэшным, ерыскъыкъэкI гъэфIэIуным, ухуэныгъэм проект инхэр щагъэзащIэ, псэупIэ, еджапIэ, сату-зыгъэпсэхупIэ комплексхэр зи щIыналъэм щаухуэ. Республикэм и Iуэхущапlэхэм ди банкым яритащ щыхуэу сом меларди 10-м щIигъу. Лъэпкъ псоми эдэй ахьшэ хъумапIэу зэрыщытым кьыхэкIыу, ди банкым апхуэдэ щIыхуэхэр зритыр хэхъуэфI зиIэ, тынщу кьезытыжьыфину предприятэхэм я закъуэкъым, атIэ экономикэм и Iэнатlэ псоми щIыхуэу хилъхьэ ахьшэр зэгъэзэхуауэ трегуашэ, республикэм щIэупщIэ щыхьыгъуэт IуэхугъуэкъэкIи хьэлъатэрэ, экономикэм зезыгъэуIэжьынымрэ проектхэр япэ ирегъэщ.

- Иужырей зэманым фи Iуэхущапlэм сыт хуэдэ IуэхугъуэщIэхэм зыщеврагъужьа?

- Хьэрычэтыщ Iуэху цIыкIум дэлэжьынымрэ иджырей рынок зэхущытыкIэхэм я пкъыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Ар хуэхъэзэхьэзэхуэ, зэпэщIэувэ экономикэм зезыгъэужьынымрэ щытыкIэхэм. Араш хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIум дэлэжьынымрэ ди ахьшэ хъумапIэм япэ иригъэщ Iуэхугъуэу кьыщIэуври. Псалъэм пащIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIум кредит жуэгъуэ тIыщынымрэ пащIэ Iуэхугъуэхэр тынщ ищIуэр щIегъэхуабжьэ. Иджыблагъэ зэтедублауэ мэлажьэ щэсыпIэнщэу бизнес цIыкIум кредит етыным и проектыр. «Дэныхь егъэзыгъуэ» - араш дэ а проектым ефIэщар. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ ахьшэр кредиту 592-рэ хьэрычэтыщIэхэм яттащ, ар сом мелуан 327-рэ мэхъу.

КьищынэмыщIауэ, япэ идгъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ цIыху щхьэхуэхэм щIыхуэ ятынри. Къэбэрдей-Балькъэрым а рынокым бжьыпэр щызыIыгъыр дэращ - республикэм щыпсэухэм кредиту кьащтэ псом я процент 40-р ди банкым и закъуэ игъэкъару лежьыгъэщ. А Iуэхум хух эткхауэ, банкым и мылькуу сом меларди 6,1-рэ кьыдогъэсэбэп. ИкIи а бжьыгъэм и деж дыкьыщызэтеувыIэну ди гугъэкъым: Iуэхутхьбзэ зыхуэдэжь цIыхухэр здекIуалIэ хъуну Iуэхущапlэхэм хэдгъахъуэмэ, длэжь Iуэхутхьбзэ лIэужьыгъуэхэр зыхуэзэм ахэр нэхъ кууэ щыгъуаэз тщIымэ, кредит щIэлэIуэхэм я щыхьэт тхьапхэм дызэрыхэплъэ пIалъэр дгъэмащIэмэ, ди лэжьыгъэм хуэныкъуэхэми зыхэпщIэу кьахэхъуэнущ. ЦIыху щхьэхуэхэм кредит зэреттыфыну Iэмал зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыззэрыдгъэсэбэпри абыкIэ хъарзынэу щIэгъэкъуэн кьытхуохьу. Псалъэм пащIэ, апхуэдэ Iэмалхэм ящыщщ «ипотекэ», «корпоративнэ», «Iуэху Iэмалынщхэм пащIэ», «егъэджэныгъэм хухах», «экспресс-кредит», «дзыхь егъэзыным и кредит» лIэужьыгъуэхэри, нэгъуэщIхэри. Рынокым и щытыкIэм зэрызихьужьыр кьиныльтэурэ, Сбербанкыр хопльэж, зэхъуэжьныныгъэхэр зэрыдыхьынри. А Iэмалхэм йоззгъ ди сыт хуэдэ банк картэ лIэужьыгъуэри.

Шэч хэмылъу, банк картэхэр лэжьакIуэм улахуэр зэрырат Iэмэпсымэ нэхъ тынш дыдэщ. ИкIи Iуэхущапlэхэм ар кьагурыIуащ: инкассаторхэм зэрызэмылъкуэу ахьшэр ягъэIэпхъуэ, ахьшэ нэпцIкэр зыми зы щIыпIи кьыщыпlэщIилъхьэнукъым, Iуэхур пIалъэ кIэщIым зэфIокI, ахьшэр птрахыныр, уахьунщIэныр егъэлеяуэ гугъу мэхъу, езым уи системэ кьэбгупсысын хуэмейуэ, дисконтнэ программэр кьапщтэмэ, зэфIокI.

Ди банк картэ зыныгъэм я счетым хэль ахьшэм и бжьыгъэм, абы кьыхэхъуам е хэщам теухуа хьыбархэр и жып телефонымкIэ кьыIэрохьэ. Уасэм хуэкIэрагъэхуу, ар дуней псом щыщхуэфынущ, «Аэрофлотым» и кьхъхьлъатэхэмкIэ кьиныльтэхьмэ, бонус баллхэми хухагъэхъуэнущ, гъуэгум щиIыгъ хьэпшыпхэр страховкэ хуащынущ, нэгъуэщI Iуэху щхьэпэ куэди хэльщ банк картэхэр кьэбгъэсэбэпыным. Кlэщу жыпlэмэ, абы я зэфIэкIым кьахэхъуэурэ зиужь зэпытщ. Картэхэр кьэкIуэну зэманым льабжьэ быдэ щызыгъуэт банк Iуэхущхуэщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, мы гъэм процент 25-кIэ кьахэхъуащ банкым и инкассацэ Iуэхутхьбзэм хуэныкъуэхэм я бжьыгъэми. КьищынэмыщIауэ, ди ахьшэ хъумапIэр зыубгъуауэ холъэжьыхь гъущI льапIэхэмрэ апхуэдэхэм кьыхащыкIа гъущI ахьшэ льапIэхэмрэ я рынокым зегъэужьынми. ГъущI льапIэхэмрэ гъущI ахьшэ льапIэхэмрэ хэльхьуурэ я мыльку зыхъумэхэм я бжьыгъэ иужьрей илъэситIым кьриубыдэу тIыкIэ нэхъыбэ хьуащ. Хуиту зеужь дэ брокер Iуэхутхьбзэхэмрэ а Iэнатlэм щахуэдгъэлэжьэну дзыхь кьытхуащIу кьытIащIалъхьэ ахьшэм и куэдагъыпмрэ.

- УФ-м и Ахьшэ хъумапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ кьудамэр сыт хуэдэ IэнатlэхэмкIэ кьыщигъэлъагъуа ди республикэм и куейхэм, кьалэхэм?

- Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэм щолажьэ ди Iуэхущапlэу 69-рэ. Ар зэкIэ ирокьу кьанэ щIыгъуэ щымыIэу республикэм и къуажэ псорэ кьызэщIэубыдэным.

2014 гъэ пщIондэ Урысейм и Хьумапlэ банкым зиужьыным телажьэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным зыубгъуауэ мы гъэми кьыпытщащ. А Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьыдольытэ ди лэжьакIуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр егъэфIэкIуэныр, я лэжьыгъэр кьехъулIэным ар зэпымыууэ егупсысыным телэжьэным хущIэзыгъэкъу системэ къэгъуэтыным.

2014 гъэм ирихьэлIэу Сбербанкым и мурадщ дуней псом щыпэхъыфI финанс Iуэхущапlэхэм ящыщ зыуэ къэувыну. Абы папщIэ ахьшэ хъумапIэм и Iэнатlэ псоми зэхъуэкIынигъэфI куэд егъэгъуэтын хуейщ. Псалъэм пащIэ, лэжьыгъэм и технологиер хъуэжьпхъэщ, иджырей зэманым кьигъэув Iуэхутхьбзэхэр лэжьыным псынщIэу зегъэсапхьэщ, Iуэхутхьбзэхэр зэралэжь щыкIэри нэхъыфI щIын хуейщ. Ар псалъэ кьудейкъым: ди банкым и кьудамэу республикэм щыIэ псори иджырей мардэм кьитIасэу ремонт щIын щIэдгъэщ. Япэу хьэзыр хьуар Налшык, Ленинным и щIэр Iэзыхьэ уэрамым тет 35-нэ унэм хэт ди 8631/0201 кьудамэращ. Мис апхуэдэ теплъэращ ди дэтхэнэ Iуэхущапlэри зыхуэкIуэн хуейр. ИкIи теплъэм и закъуэкъым зызыхуэхэр, лэжьэкIэми Iэмальщэ куэд кьыхэхъуащ.

- Куэдым жаIэ хэхъуэ кьызыпкIи Iуэхуэм фIэкIа сыт хуэдэ ахьшэ хъумапIэри емылэжьу. Ар пэж?

- Дауи, ар пэжкъым. Псалъэм пащIэ, «СабинГуэ насыпыфIэ» программэр Сбербанкращ зыгъэзащIэр. Абы ипкъ иткIэ, ди банкыр доIэпыкъу сабий зенншэхэмрэ адэ-анэм яхуэмыдэжьыным, интернетымкIэ я щхьэзакъуэ «кабинетым» «щыхьэ», я счет кьызэIуахыфынущ, е зы счетым хахыу, адрейм ахьшэр хальхьэфынущ, кредитхэм пэкIуэ сом бжьыгъэр хальхьэжьыфынущ, коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэм я уасэр яхуэтынущ, щIыху щхьэхуэхэм, Iуэхущапlэхэм ахьшэ хуагъэхьыфынущ. А Iэмалхэм йоззгъ ди сыт хуэдэ банк картэ лIэужьыгъуэри.

Шэч хэмылъу, банк картэхэр лэжьакIуэм улахуэр зэрырат Iэмэпсымэ нэхъ тынш дыдэщ. ИкIи Iуэхущапlэхэм ар кьагурыIуащ: инкассаторхэм зэрызэмылъкуэу ахьшэр ягъэIэпхъуэ, ахьшэ нэпцIкэр зыми зы щIыпIи кьыщыпlэщIилъхьэнукъым, Iуэхур пIалъэ кIэщIым зэфIокI, ахьшэр птрахыныр, уахьунщIэныр егъэлеяуэ гугъу мэхъу, езым уи системэ кьэбгупсысын хуэмейуэ, дисконтнэ программэр кьапщтэмэ, зэфIокI.

Ди банк картэ зыныгъэм я счетым хэль ахьшэм и бжьыгъэм, абы кьыхэхъуам е хэщам теухуа хьыбархэр и жып телефонымкIэ кьыIэрохьэ. Уасэм хуэкIэрагъэхуу, ар дуней псом щыщхуэфынущ, «Аэрофлотым» и кьхъхьлъатэхэмкIэ кьиныльтэхьмэ, бонус баллхэми хухагъэхъуэнущ, гъуэгум щиIыгъ хьэпшыпхэр страховкэ хуащынущ, нэгъуэщI Iуэху щхьэпэ куэди хэльщ банк картэхэр кьэбгъэсэбэпыным. Кlэщу жыпlэмэ, абы я зэфIэкIым кьахэхъуэурэ зиужь зэпытщ. Картэхэр кьэкIуэну зэманым льабжьэ быдэ щызыгъуэт банк Iуэхущхуэщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, мы гъэм процент 25-кIэ кьахэхъуащ банкым и инкассацэ Iуэхутхьбзэм хуэныкъуэхэм я бжьыгъэми. КьищынэмыщIауэ, ди ахьшэ хъумапIэр зыубгъуауэ холъэжьыхь гъущI льапIэхэмрэ апхуэдэхэм кьыхащыкIа гъущI ахьшэ льапIэхэмрэ я рынокым зегъэужьынми. ГъущI льапIэхэмрэ гъущI ахьшэ льапIэхэмрэ хэльхьуурэ я мыльку зыхъумэхэм я бжьыгъэ иужьрей илъэситIым кьриубыдэу тIыкIэ нэхъыбэ хьуащ. Хуиту зеужь дэ брокер Iуэхутхьбзэхэмрэ а Iэнатlэм щахуэдгъэлэжьэну дзыхь кьытхуащIу кьытIащIалъхьэ ахьшэм и куэдагъыпмрэ.

- УФ-м и Ахьшэ хъумапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ кьудамэр сыт хуэдэ IэнатlэхэмкIэ кьыщигъэлъагъуа ди республикэм и куейхэм, кьалэхэм?

- Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэм щолажьэ ди Iуэхущапlэу 69-рэ. Ар зэкIэ ирокьу кьанэ щIыгъуэ щымыIэу республикэм и къуажэ псорэ кьызэщIэубыдэным.

2014 гъэ пщIондэ Урысейм и Хьумапlэ банкым зиужьыным телажьэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным зыубгъуауэ мы гъэми кьыпытщащ. А Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьыдольытэ ди лэжьакIуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр егъэфIэкIуэныр, я лэжьыгъэр кьехъулIэным ар зэпымыууэ егупсысыным телэжьэным хущIэзыгъэкъу системэ къэгъуэтыным.

2014 гъэм ирихьэлIэу Сбербанкым и мурадщ дуней псом щыпэхъыфI финанс Iуэхущапlэхэм ящыщ зыуэ къэувыну. Абы папщIэ ахьшэ хъумапIэм и Iэнатlэ псоми зэхъуэкIынигъэфI куэд егъэгъуэтын хуейщ. Псалъэм пащIэ, лэжьыгъэм и технологиер хъуэжьпхъэщ, иджырей зэманым кьигъэув Iуэхутхьбзэхэр лэжьыным псынщIэу зегъэсапхьэщ, Iуэхутхьбзэхэр зэралэжь щыкIэри нэхъыфI щIын хуейщ. Ар псалъэ кьудейкъым: ди банкым и кьудамэу республикэм щыIэ псори иджырей мардэм кьитIасэу ремонт щIын щIэдгъэщ. Япэу хьэзыр хьуар Налшык, Ленинным и щIэр Iэзыхьэ уэрамым тет 35-нэ унэм хэт ди 8631/0201 кьудамэращ. Мис апхуэдэ теплъэращ ди дэтхэнэ Iуэхущапlэри зыхуэкIуэн хуейр. ИкIи теплъэм и закъуэкъым зызыхуэхэр, лэжьэкIэми Iэмальщэ куэд кьыхэхъуащ.

- Куэдым жаIэ хэхъуэ кьызыпкIи Iуэхуэм фIэкIа сыт хуэдэ ахьшэ хъумапIэри емылэжьу. Ар пэж?

- Дауи, ар пэжкъым. Псалъэм пащIэ, «СабинГуэ насыпыфIэ» программэр Сбербанкращ зыгъэзащIэр. Абы ипкъ иткIэ, ди банкыр доIэпыкъу сабий зенншэхэмрэ адэ-анэм яхуэмыдэжьыным, интернетымкIэ я щхьэзакъуэ «кабинетым» «щыхьэ», я счет кьызэIуахыфынущ, е зы счетым хахыу, адрейм ахьшэр хальхьэфынущ, кредитхэм пэкIуэ сом бжьыгъэр хальхьэжьыфынущ, коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэм я уасэр яхуэтынущ, щIыху щхьэхуэхэм, Iуэхущапlэхэм ахьшэ хуагъэхьыфынущ. А Iэмалхэм йоззгъ ди сыт хуэдэ банк картэ лIэужьыгъуэри.

Шэч хэмылъу, банк картэхэр лэжьакIуэм улахуэр зэрырат Iэмэпсымэ нэхъ тынш дыдэщ. ИкIи Iуэхущапlэхэм ар кьагурыIуащ: инкассаторхэм зэрызэмылъкуэу ахьшэр ягъэIэпхъуэ, ахьшэ нэпцIкэр зыми зы щIыпIи кьыщыпlэщIилъхьэнукъым, Iуэхур пIалъэ кIэщIым зэфIокI, ахьшэр птрахыныр, уахьунщIэныр егъэлеяуэ гугъу мэхъу, езым уи системэ кьэбгупсысын хуэмейуэ, дисконтнэ программэр кьапщтэмэ, зэфIокI.

Ди банк картэ зыныгъэм я счетым хэль ахьшэм и бжьыгъэм, абы кьыхэхъуам е хэщам теухуа хьыбархэр и жып телефонымкIэ кьыIэрохьэ. Уасэм хуэкIэрагъэхуу, ар дуней псом щыщхуэфынущ, «Аэрофлотым» и кьхъхьлъатэхэмкIэ кьиныльтэхьмэ, бонус баллхэми хухагъэхъуэнущ, гъуэгум щиIыгъ хьэпшыпхэр страховкэ хуащынущ, нэгъуэщI Iуэху щхьэпэ куэди хэльщ банк картэхэр кьэбгъэсэбэпыным. Кlэщу жыпlэмэ, абы я зэфIэкIым кьахэхъуэурэ зиужь зэпытщ. Картэхэр кьэкIуэну зэманым льабжьэ быдэ щызыгъуэт банк Iуэхущхуэщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, мы гъэм процент 25-кIэ кьахэхъуащ банкым и инкассацэ Iуэхутхьбзэм хуэныкъуэхэм я бжьыгъэми.

- ФIыщIэ пхудощI, Хьэмидбий, ди упщIэхэм жэуап кьызэрептамкIэ, Урыдыпохьэхьу фи Iуэхущапlэм и махуэшхуэмкIэ. ЕхьулIэныгъэ уи куэду Тхьэм уигъэпсэу. Узыншэу ущыт!

Епсэльар

БЭГЪЭТЫР Анзорщ.

● УФ-м и Ахьшэ хъумапIэр илъэси 170-рэ прокьу

Зэманым докIу

Урысбий Хьэмидбий.

● Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэр

И Iуэху дахэхэр кьалытэри, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ колхозым и бригадир Хьэжмэт Хьэсэн *(нжьымкIэ щытщ)* «Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь» цIэ лъапIэр кьыфIащащ. Абы кьыбгъэдэтщ мэкъумэш хозяйствэм и унафэщI Чылар Гъузэр, нартыхугъэкI цIэрыIуэ Гугу Мухьэмэд, нэгъуэщIхэри.

Сурэтыр тезыхар **КОЛЕСНИКОВ Иванщ.** 1975 гъэ

Адыгэ Iуэрыiуатэр и лъабжьэу урыс усакIуэхэм ятхахэр

МАРШАК Самуил

ЗэгъунэгъуитI

Зэгуэрым си цIыхугъэ лIыжыр
ЕлъэIуащ и гъунэгъу къуажэжым:
- Бзэрым нобэ цIыкIащ Iуэхун,
Срифуэну къыпэт уи пыдыр хъахуу.

- Иджыпсту си пыдыр дэпкым унэм,
Мо джабм тIэкIу цIыгъэхъуэжуну
ДзэгъэкIати жьыуэ пщэдджыжым,
КъэкIуэжакым, - жеIэр къуажэжым.

А тIур уэрщэру цIыпхъункIэ
Шыдым и кIий макъ къоIукIыр Iуэмкэ.
- Сыкъебгъапщащ, - жи лIыжым
зигъэгъуэу, -
Уи пыд къэжийм и макъыр си нэуасэщ!

Къуажэжым зиумыжъым, зехъунщ:
- Пцы супсыну си нанэм къыхунимыдэ -
Сэ ныбжьеслаг уи фIыщ умыщIу,
Уи фIыщ щхэ пщыкIэ кIыжийр а
пыдым?!

Ныдъсейуэ лIыжыр щIалтIэм
къыдокIыжыр,
И щхэр фIхуауэ хуэму здэжуэжым.
Къеслъагъур къуажэ лъащIэм къыщIэж
пэнэм
ЯнтIэм хэнауэ бгъэдэту зы щынэ.

Псы хуэлIа щынэ лъэрымыхыр
Зыхэт хъущэм лъащIэмыхэу
КъыщIуиIати псынэ Iуфэм
Зыщигъэпсэхуу, псы тIэкIуи ирифу
ЯлъащIыхьажьи и гугъэу хъущэм.

Ауэ щынэ сымаджэ къарунщэм
И лъакъуэ псыгъуэхэр ятIэм щыхэнэм,
КъыдэмыкIыжьыфу кIыIунат и
Iуфэм псынэм,
Хэмыхьажьфу зыхэта хъущэм.

LIыжым къуэжийм къыдехьажи
щынэр
Епх и лъакъуэхэр зригъэлалIэу,
Кърелъхэри и плэм,
Къехьыр щынэр езым и унэм.

Щынэр ирифыда къудейуэ Iуэм,
Ину бжэм зыгуэр къыпоIуэ.
Бжэр щыIихым лIыжым къелъагъур:
Бжэщхэфым тепщ къуажэжь и гъунэгъур.

- Си гъунэгъу, къыхэпхыгт си щынэр,
Къыщыбгъэпри ар къуажэ лъащIэ
пэнэм
Къэпхащи фи дей,
Къыхэпхж,
Щынэр сэращ зейр.

- Уи щынэ лъапкъ слъагъуакым, -
жеIэр лIыжым, -
НэхъыбIщ кIалъхъуи утету и
лъэужым.
Къуажэжыр щебжъуэжьжым
бжэщхэфым,
Iуэм иг щынэм и кIий макъыр кIоIур…

Ар зэхехри къуажэжым,
Гукъанэ ищIу зыхуегъазэ лIыжым:
- Иджыпсту къыщIыIар мо уи Iуэм
Си щынэм и макъырщ,
ар къыхощIыхужьыр.
Пцы умыпуску, нэхъыбIщ къыхэпхжи.

LIыжым губжъауэ иредзылъжьыр
бжэр и унэм:
- Тхэ лей сыгуейжым сфэну абы щхэкIэ,
Уи фIыщ хъуэ и кIий макъыр щынэм,
Гъунэгъум къыжкIар уи фIыщ
щымыхъукIэ!

СЕРПИН Яков

Аргъуеипщ

1.

Къэсащ аргъуейхэм я лжьхьафэ
кIуэгъуэр,
Ауэ ямыщIэхэу
Къыпехъуащ гуэнагъуэ:
Зэпаэнибу кIуэдащ
Аргъуеипщ лъакIэ псыгъуэр.

Е пщэдджьжым, хэнэу шэдыпсым,
КъыхэмыкIыжьфу хэжа и пэр,
Е пы къегубжар къыхэуэу кIэдэ,
И жьалыр кынгъэса тхэмыщIкIэм?..

И кIуэдыкIари зым имыщIу,
Пэуми е лIами хамыщIыкIыу,
КIуэдащи нэхущым
Къахуэгъуэтыккым аргъуеипщыр…

Ныщхьейщ, мащIегъуэ аргъуей хъэблэр,
ЗэщIогъуагъэ аргъуеипщ бынир,
Къащхьэщ я аргъуей молэр,
Аргъуеипщым тхэ хуелэфу.

Аргъуей молэм и дамэхэр кIэзыу,
Зигъэмакъыхъуу хъэблэм зыхуегъаз:
- Аргъуейхэ, зэгрелъхъэ псоми
фи пы уанэр,
Фымыгъэфуэду пщIэнпэу зэманыр

Пщым и лъыхъуажьуэ гъэзу фытехъэ
ПсынщIу, жьыр къыфIэщIамыхъэу,
Ар пщIуэ къыдипащи Тхъэм,
Къэдмыгъуэтыжым емыжу
къыптехъэнщ!

2.

Шы гъэшхэр кIапсэлъэрышэу
Ирокъэ джабм и пыпх тхынэм,
Аргъуей пууейхэм кIрахащи сэшхэр,
ЗэрогъэкIийхэр, зэрыгъэушхуэр.

Гъэзу нащIэм сабэр къыщIэту,
Аргъуейм я цIыдуи ини зэроIэтыр.
ДамылтэныкIыфыну, уеблэмэ, аргъуей,
Зэгъэкъуауэ гъэзур яугъуей.

Зэрымыпла къэнакъым щIагъуэ,
Дыгъуэгъуи, уеблэмэ, мыщегъуи.
Жьыг лъэдакъэкъыми
ЩIыхьыхъуащ и лъабжьэм,
Къахуэмыгъуэту аргъуеипщым
И лъэужьыр.

Дрихьащ къуажэлъакIэ Iэджи,
ЗэрыгъэкIийуэ аргъуеипщым еджау,
Пэ псыгъуэ цIыдуфэ гъуанэщIагъэм
ИтащIыхьхъэу, жьыг кIуэуаин
Ипльхэщ зыри къамыгъанэу.

Дунейм трагъуэтэжкъым
аргъуеипщыр,
Ешащ накъырэм епщэ накъыращIэр.
Пшагъэ зэхэуэм кынгъэбгъуэу
Шынагъуэр,
Аргъуей ешхэр хуэзащ
Зы дзыгъуэгъуэ.

ЙолIэхэр дзыгъуэм:
- Ныкъэбгъиэм
Хуит дыщI дыщыкIеину уи гъуэм.

3.

Пцыи пжи,
Пжи пцыи,
Е кIэхъуат,
Е кIэмыхъуат,
Е пщыхьэпIэ
Тхъагурымагъуэу
Ялъагъуауэ къащIыхъуат…
Загъэпсэхуарэ я гур хэхъуэу
Аргъуейхэр нэхущым
ЗэщIотэджкIыр…
ЩIылэхъар пIащIэр зытриубгъуэу
ПщэдджыкIым хэщIэхэм
Къахохъэ дзыгъуэр,
Ирегъэблагъэри
пщэдджыкIыпхэм,
Дзыгъуэр аргъуейхэм йоупщIыр:
- Уэрэд кIудей жьымIэу Iнэм
ФыгъэкIащ фимыIэу дрэжьгъуэ,
Фыщытыпщакъэ фэ си унэм,
Фигу ирихьакIэ си щхынытIуэр?
Е фыщIымыгъэзагъэу хъащIыщым,
Гукъеуэ гуэркэр фи псэм къетеицIэ?
Жьуапыр хуэму кьет аргъуей
нэхъыкIым:
- Дибщ гуауэпхуэ, хэгъэрей, -
Тфкжьуэдащи аргъуеипщыр,
и лъэужьыр
Къыщыдгъэпытжьыфыркым
мы куейм.

Дыгъуасэ лъандэм щIыдощыжьыр,
Зы къэдмыгъанэу тафи кIуажьи,
Аращ аргъуейр лищIауэ щхэжьагъуэ
Дыщыжьгъэсыр гуэущIу дыщыгъуэу.

4.

Абы и псалъэр щыгъхихым, дзыгъуэр
Аргъуейм къащIыдыхэпхыр ауанщIу:
- Абы щхьакIэ зэхэсхэм щыгъуэу,
Фи делагъэм и инагъыр кIыхъэмыщIы!

Дзыгъуибгъу шыр зэрыбын
Си лIыжьым сэрэ
Къэтлъхуат, щымыIуэ ядэбгъуэн
Дгъэсахэт, тIахэт,
Яуэ щIыгъэ щхэрэ.
Езьхэри уеплъынкIэ защумыгъэнщIу,
Цы щабэ щыкIуэр дыгъэм пылъу
Пэ фIыщIэ пIащхэу, тхьаIухуд защIу.

Къыдапырт псоми гуфIгъуэр куэду.
Тлъагъуэрт фIыуэ, ди псэм хэдмыхьну,
Ди гугъаным а гуауэр кынтепсыхэну -
ПкIибгу къеужам щIыIэпкIащ шыригухур,
Шыригущым я псэр пIащIихащ ажалым.
Къэнжа закъуэ я нэхъыщIэр
Къетхъакъэ, щIыгъу,
Дэтхьейм, гъущIу,
Къадгъэхъурт сакъыу, ди нэIэ щIэту.

Ауэ зэгуэрым зэрымыщIу
Дзыгъуэ шыр кIасэм
Къыжьадэхуа псалъэм
Дзыгъуэпщым кынгъэкIуэлъауэ и лъыр,
Зэ уэгъуэм къыхэудыр и пэр.

Мьвэгъауэ и гур абыкIи,
Мыпхуэдэу къыпщIогубжьэр дзыгъуэм:
«- Мис аращ, дзыгъуэхэр фыщIыкIым -
Зэрьжьлъэу фэгъэхунщ абы и
лъагъуэр!»
Лъагэ щабэмкIэ щIелъэщIыжьыр
Дзыгъуэ щIыбум и нэпс
псыхъэлыгъуэр…

5.

Зоплъыж аргъуейхэр зэрьгъуIбжьауэ:
Гуауэпхуэщ къыщIыщIар я хэгъэрейм!
КъыхэфIуиэ я аргъуей нэхъыкIри,
Захуегъазэр мыпхуэдэу аргъуейм:

ФызэщIыпаси зыимыбжьауэ,
Пытщежьынщ ди гъуэгум мы
пщэдджьжым.
Теувауэ бты лъагъуэ нашекъашхэм,
Аргъуейжьыщи щIапщытыжьыр
къуршхэр.
ЕшаелIауэ здьпетым гъуэгум,
Гукъанжь Iаджи къагъжьжьыр я гум:
КъыщыщIэдзауэ щыхэлъахэм гущем
Бальхъ зыхигъэтахэр аргъуеипщым.

Къахигъжьфуэ Тхъэм аргъуейм я тепщэу
Я гугъащ идкIыри къесыхункIэ.
Ямыгъуэтыжми нобэ ар щыхящыр,
Ялъагъукъым нэхъыбIэ хъуэ я псэукIэр.
КъыкIэрамыпежьыфым щхьакIэ щIыр
я унэм,
Алъхъми къахущIыркъым гукъанэ…

Ялъагъуркъым аргъуейхэм абы щхьакIэ
Гульытэпщэу я дамэр пыгъуфIыну,
Къапеуфыфакъым дуней нэхур,
Нэхъ фагъуи хъуркъым щIэдджьжь
тхьэхур.

6.

Пцыи пжи,
Пжи пцыи,
Е кIэхъуат,
Е кIэмыхъуат,
Е пщыхьэпIэ
Тхъагурымагъуэ
Ялъагъуауэ къащIыхъуат…
Аргъуеипщым щхэкIэ щыгъуэу
Къажьхьыи хуей щхьи хъуат?..

Ар тэмэмкъым, зиусхьаным
УхуэщIыгъуэу уи зэманыр
ПщIэнщу бгъи щыбгъэфэдьныр.
Янтэ бдзапхэм я лъэр хэнэу,
Банэ къуадрэм къачатхъу,
Мылъф фар зэрагъадэжьу
Къамылыхъуэу зиусхьаныр,
ЩIимысыжьыр сыт я унэ?

Пцы хуэныкъуэжым аргъуейр.
Зиусхьан ар сытпэ хуей?
Нэхъ тэмэмкIэ пщыр зыхахурэ,
Зэриуэжу щхэж и Iэхур,
ЗэдапIыку аргъуей бынир,
Хуиту илэжьыхьмэ унэм.

Инрэ пщыхэм я зэфIэкIыр?!
Аргъуеилъыр къыщIафIыIу,
Куадщ балыхъу дальэгъар -
ПщIынщу ирепсэу аргъуейр!
Я лъакъуэ щIыкIуэр дгъэзэуэ,
Къраудри пщыгэр зэуэ,
Аргъуеипщым я псэр мэкIужж
хэрпым,
Аргъуейхэм щIадэр псэун пщынщу!

ПшкIэплъыр кIэщIогъуалъхэ уафэм,
Зэуах аргъуейхэм санхуафэр,
Аргъуей щхэхунтэм хэгъуэлIыгъуэр
Япэтыр пщыгэр ящIымыгъуу…
Пцыи пжи,
Пжи пцыи,
Е кIэхъуат,
Е кIэмыхъуат,
Е пщыхьэпIэ тхъагурымагъуэ
Ялъагъуауэ къащIыхъуат…

СМИРНОВ Дмитрий

Жьыгъэм теухуа балладэ

Пасэрей жьыжьэм кIыхэплъыжу,
Дощлей уафэгум зы кIыр дзакIэ.
ЩIэблэ къесыху зэIыахьыжу,
Едкэу я кIыркIэ жьыбзфэкIэм.

ТкIийт икIыкIэ хабзэр а лъэхъанэм -
Жьыр кърадзыхти мыпэ блыным,
И дуней гъащIэм пагъэжьну
Хадэрт псы уэрым и архъуанэм.

Зэгуэр пщыхьэщхэ хуегъэзэжьу,
ЩIалэщIэм нэпсыр щIилъэщIыжьу,
Ныщхьейуэ дишырт кIырым адэр,
Илажьыр и гум къыхуимыдэу.

ЩIалэм кIыхуэмыIэту напIэр,
ЩIэхъецепэр адэр кIыр щыхупIэм.
ЩIытщ и Iар кIыхуэмыкIыжьыжьу,
И адэ закъуэм хуемыдощIу.

Елъагъури и къуэм и гум щыжьэр,
Мыпхуэдэу къыкIрелъ лIыжьым:
- КъыхэфIущI, си щIалэ, хабзэр хабзащ,
Ар гъэзащIэныр уэрщ зи фарзыр.

ЩIалэм и гур йопфъыжьыр и бгъэм -
Адэм зыхущIынут щхьэузыхь.
Адэм къыжкIрелъ: - «Укъэрабгъащ!
Жьы сыхъуажьащ сэ, укъыкIцымыхь».

Йолунщыр. ЩхэкIр ищIагъуу лIыжьыр
Иолъэтэхыр мыпэ джафэ блыным.
Пшэплъым хэдзэгухьри и пыжьыр,
ЩIыкIуэдыжащ къыр адэ лъабжьэ
гъунэм.

ЩIытщ щIалэр мыпэм хэжьыхьауэ и лъэр,
И псэ кIэзыыр кIэщIыплъэу къыр
щIагъым.
Вагъуэбэ уафэм щыщIанауэ къаплъэм,
ЗыхищIэ хэдзэд иу щыщIэр щапсытым.

Жьыхьанмэм кIыIукIэ е жьанэтым,
Къыгъэушыжу пшанэ зэхуэар,
Итъатлэзу зэхэзыхыр псэ зыхэту
Макъ дзу хьэлэ кIуажьэм къыщыIущ.

- Е кIуащ, е жьг гуанэ,
Си вакъэр фIнащи зэрымыщIу.
Сыфлъыщи солэлэхри блыным,
СыфIыгъэхук бжэгъу гуэркIэ
къызэIущIи…

Ауэ щIалэм и гум къыхуимыдэ
ИтъаэщIну къыщIельэIур адэр.
Иретъэубыдри бжэгъу кIыхьым и
кIалэр,
ЛIыжьыр къыдепыжьыр хуэму
бжьанэм…

- ЩIнухажь Алыхьым мыпхуэдэу, си адэ,
Иджы хащIигъэпщIунщи псоми быдэу,
ЩIыхухэм бгым ущыдзыкIа кIыфIащIу
ИрефIэжь.
Уэ пыщIэк уи гъащIэм…

Зэманыр кIуэуэрэ зэгуэрым
Хэкум бийхэр къэзрыгуэ уэру,
ЩIыхьынщIу бийм нукIэг хуэмыдыр,
Къэнари хуейт ихуну гъэру.

ЩIыху щIыбгъу щIыхъум хжьыпIэнщэ,
ЩIалэщIэр жьдуэ лIыжьым дж,
Къатепсыхахэр щIыхуиуатэм,
Чэнджащ мыпхуэдэу кIетыр адэм:

- Фи Iуэхур икIыкIэ, пжащ, хэплъагъуэщ,
НэхъыбIщ фихьажьмэ щтапIэ.
СоцIыху сэ зым ямыщIу лъагъуи,
Мис ар фхуэхъунщ зекIуапIэ.
ЩIыхухэр зэхуэщиси ешажьэ,
Си щIалэ, а лъагъуэ щIхумкIэ.
СигъэпIыхсы кIыным сэ лIыжьыр,
Сыкъегъанэ, бийр згъэщхэрыуэным
щхьакIэ…

Ириплжьащ ныбжьыщIэм щIыхуэр,
Къыхэмыхуауэ я щIыхьапIэ,
Бгым ирипжьри лъагъуэ щIхукIэ,
Къригъэлажьащ бий гъэрыпIэм.

ЩIалэщIэм и Iуцыгъэр ягъэщIагъуэу
ЩIыхухэм щIалэгъэт кIэнщIу я гуфIэгъуэр.
Къыщалъытэм псоми ар лъхъуэжу,
Къуэм утыкум кърепэ и адэ лIыжьыр…

Къуэмэхъуэ зоплъыхьэр щIыхуэр,
ЗэтрищIауэ щIым тельыдзкIалажьэм.
И нэгур нэхуэ хуиту зыуху
И хэкуэгъухэм къахуиэ лIыжьыр.

- Сэракъым, жеIэр щIалэм, зи фIыгъэр
Фыкъыкъэриклар бийм и къапхъэным,
Адэм и ныбжьыр нихусами жьыгъэм,
СхуэфкIагъэжьым ар бгъи щыадзыну.

Зи лъабжьэм щынагъуэу псы уэрыр
щыхъущIу,
Ноби уардэу щыг къыр лъагэ дзакIэм
Иджы кIрадзыхьжьжьым жьыбзфэкIэр,
ЯкIуэ щIэ хэха нэхъыкIэм хуащIу…

ЗэзыдзэкIар УЭРЭЗЕЙ Афишащ.



Сурэтхэр СИРОТИНЦЕВ Виктор *ищIащ.*

● Ди псэльгъуэхр

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ:

Дыззгупсысык хуейр мащIэкъым

*Иджыблагъэ дэ дыщыащ ди къуэрыф Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм. Ди льэпкъэгъуэхэм дахуэзэщ, я нобэрей псэукIэр зыхуэдэр зэ дгъэльэгъащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэу дригъэблэгъащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсэу Увжыкуэр. Ар ди республикэм ильэс куэдкIэ щыпсэуащ, щылэжьащ. «Адыгэ псалъэм» и щэджыкIакIуэхэмк щэнхабзэм, литературэм и лэжьакIуэхэмк, щэч хэмылъу, ящыIу Увжыкуэр. Ар хэкупсэщ. И усыгъэхэри, адрей и Iэдакъэщ1кI тхыгъэхэри нэхъыбэзу зытеухуар и адыгэ щIыналъэр, абы и цIыхухэр, зэрыгушхуэу льэпкъым пI» фIымрэ игу зэрыгъэмрэщ. Газетеджэхэм фи пащхьэ идольхьэ абы дедгъэкIуэкIа зэпсэльныгъэр.

- Увжыкъуэ, «Адыгэ псалъэм» и щэджыкIакIуэ псоми я мыщIэнкIэ хъунщ мы зэманым Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм адыгэу дапщэ щыпсэуми.

- Иужьу ирагъэкIуэкIа кхъэхтэхыкIыныгъэм къыз эригъэльгъуамкIэ, ди республикэм адыгэу исыр зэрыхьхыр мин 57-рэ иримыкъутэщ. Ар Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуэм нэхърэ хуэдизщ нэбгырабзкIэ нэхъ мащIэщ.

- Фи псэукIэр зыхуэдэм кIэщIу и гугъу кьыгъэпщIамэ ди гуапэт.

- Ди цIыхум я псэукIэр Къэбэрдей-Балькъэрми Адыгэ Республикэм ис ди льэпкъэгъуэхэми яйм кьыщъхьэщыкIыркым - дэ псори дыщыпсэур зы кIэрапщ. Уиныкъо мащIэм деж, зэрыгурыIуэгъэуцун, уэныхкъуэхэри нэхъ ирырылъагъу мэхъу, кьыщынэмыщIауэ, ущIэгъазэ, ипэкIэ фIэкIуэтэну узыхуэгъэуцун-хуэгъэрхэрэгутыку нэхъ ихьагъуейуэ, пхыгъэкIыгъуейуэ кьыщIэкIынщ. КIэщIу жысIэнщи, зы льэныкъуэ гуэрхэмкIэ екъулIэныгъэ щхьэхуэхэри дийуэ, дызыхуэмысхэри мымащIэу щыIэу дыкьокIуэкI.

- Увжыкъуэ, ди зэпсэльныгъэм льабжьэ хуэтщIмэ нэхъ сфIэкьабылщ льапкъым псэкьабзэкIэ хуэлажьэ куэрым ягу кьеуэ Iуэхугъуэр - щыIальтIым ис адыгэхэм я зэпыщIэныгъэр кьыззэрытIэсхьар. СощIэж, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэхэр апхэм нэхъ зэкIэлыкIуэу, зыри и фIымкIэ дгъэрейм дэгушыу, зэрыльыт зу щытщ. Иджы апхуэдэ льэпкъ тIыгъуэжыркым.

- Апхуэдэу щхьэм щхьэусыгуэхэ иIэщ. Щэнхабзэр Iэпэдэгъэпэл пщIымэ, льэпкъыми, уеблэмэ республикэмэ, къэралми куэд фIокIуэд. Мылькур зыгъэнэхьапэхэм ар кьагурымыIуэмэ, щэч хэмылъу, ди Iуэхур екIэкIуэну аращ. Дэ щыIэкIи кьыщIэщхькIэ абы цIыхум дарихьыкьэнращ, нэгъуэщI зыгуэркIэ дыщыIгугъэкьым. Щэнхабзэр абы кьыщъхьэщокI. Ар, зэманым дэжьмэ, музейм щIэтIысхьащIэ льапIэм, тхыдэм и щIэину кьэна гуэрым ещхь хъужькIнкIэ хъунущ. А щэнхабзэр зэхуихьэсын ди адыгэм. А хабзэхэр ихьымэн щхьэкIэ мащIэм зыхуигъэсынкьуэ. Дэ льэпкъыу ноб дыкьыщIысэ тенар ар зэрыгъхьумэфаращ. РеспубликицIи нэгъуэщI щIыналъэхэми щыпсэу адыгэхэр дызэкIэлымыкIуэмэ, дызэрымыныгъмэ, щэнхабзэр мыльукIэ пхуэзэтIельгъэнкуэм. Дэ ди щIыналъэхэр зэпэIэщIэу щытми, щэнхабзэ и льэныкъуэкIэ зэпэжьжьэ зытщI хъунукъым. ЦIыхуипщI е цIыхуипщ къэсхуникIэ зым и хуIэ? из хьу щхьэнкIэ, щэнхабзэр мыIэрыгъэнэнукъым, ухуэмысакьмэ. Нобэ зы закьуэ си гугъэщ Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим щыпсэу адыгэ льэпкъыр дызэпхьэзыщIэу кьэнэжар - ди щIыналъэхэм кьыщIэжкI газетхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ номер зэхэтщ, рестобликищым ди Iуэху зытетым дыщытепсэлыхьыу дунейм кьыззэрытехьэщ. Ар зи жэрдэмхэм ящыщщ Хьэфыщ1э Мухьэмэд. ХэкIыпIэу щыIэр сыт? Iэмал зэриIэкIэ нэхьыбэрэ зэхьыжьэн хуейщ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, артистэр. Ди деж фыкьакIу зу, дэри дынакIуэу, дызэзэгугъэхуэну, льэпкъым зезыгъэужьыну диIэр утык у кьитхьэу. Пэжщ, ди деж зззэмызэ кьоIуэ фи уэрэджьакIуэхэр - Сокьур Ольгэ, Хьэрэдыгъ Динэ, Аслъэн Iэсият сыиэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я концертхэм яфIэфIу иопль ди щIыхур. Ауэ ар мащIэщ.

- МащIэм и закъуэкым, ди артистхэр закъуэтIакъуэрэ кьакIуэкIэ е фи уэрэджьакIуэхэр зззэмызэ ныгъуеблагъэкIэ а Iуэхур гъэкIуэта хьунукъым. Къэрал Iуэхуу щытамэ нэхьыбIгъэхъ?

- Къэрал Iуэху пхузщIамэ, ахьеймэ, нэхьыбIгъ. Ауэ ар апхуэдэу щIэмыхьэм дэ езым, уэ, сэ, нэгъуэщIхэм ди зэран хэлъщ. Абы и гугъу сщIын и пэ дрипщIэнкIэ ди тещIэм. Урысейр кьэралу зэрэIэувэн папщIэ адыгэм куэд зэфIегъэкIащ, Петр Езанэм и зэманым щыщIэ дзауэ. Езы Урысеймэ зыкъом кьыгтхуищащ адыгэм кьару диIэн папщIэ. Ауэ, пэжщ, Кавказ зауэм щыгуэ адыгэ льэпкъыр льэрыщIкI зыщIари урыс кьэралращ. Сэ щэсыпIэ сихьэфынущ урысым гъуэх хуэхьуэ льэпкъэм адыгэм нэхьрэ нэхъ хуэпэж яхэмытауэ. Ауэ а льапкъышхуэм дэ зэзэрызыщытыр, ди гум Iэфыгъэ илыр тхуэмыгъэльагъуэр зэрыгъуэрэ я фIыуэ дыкъэзымыльагъуэкIэ Iэмал ядот зыгуэркIэ кьару льэпкъым дгъуэтмэ, Урысейм дыщIэувэжьыкIэ хъуну жедгъэIэну. Дегупсысыркъым хьэтIэмрэ зи уэжь дитымэ,? Ди кьэкIуэнчи льакьуэпэщIэдэ хуэтщIыкIэ зэрыхъунрэ кьыдгурыIуэркъым. ПцIы хэльхьым, ди адыгэ щIыналъэри ди льэпкъри ixсраф щыIар У рысейращ, Америкэм кьикIыу дэ зыри кьыдэзуакьым. Ауэ ар зэфIэкIащ. Дауэ мыхьэми, адыгэм ноб пIалъэIэ диIэр Урысейращ. Дэ абы дыззэрыхуэпэжыр зэкьым, тIуэкъым кьызэрыгъэльэгъуар. Жьыжьэ дыIэбжьыкIым, кьэдгъащIэ Хэку зауэшхуэр. Адрей льэпкъхэм зыкIи емыфэгъуэжкIыу хэкур кьеГъэлным хэтащ адыгэр. ЛьэпкъитIым ди зэхуакум нэхьапэм сыт хуэдэ хьэрГъэшыргъэ кьыщымыхьуами, дэ урысым гужьгъэжь яхуди-Iакьым. Абы и щапхъэкIэ зэуэм щытыкIэ урыс сабий куэд бесльэнейкэм зэрапIар. Хьэмэрэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн и гугъу пхуэсщIынщ. Нобэ сызэдэщIэ газетым и къэтIэжьхьэ зэрыщIэхуэу щытщ Кьардэн Мухьэмэд и адэр урысщ. Абы ильэсищI фIэкIа имыныжьбжу, ибэ хъ ауэ Невинномысск деж дыдейхэм кьыщагъуэтщ, Кьардэнхэ кьызыри пIалъ. АдыгэлI нэ хьуауэ, адыгэ уэрэдыжьхэр жиIэу, ди льэпкъ Iуэху зэрихуэу щытащ ар. А псор щыхьэт тохьуэ дэ льэпкъышхуэм пэжу дызэрыдзэгъуэгурыкIуэр. Апхуэдэ щытыкIэр гъэбыдэнымэ и пIэкIэ нобэ зыгуэрхэр кьоув «Великая Черкесия» тщIынщ жари. Апхуэдэ псалъэмакъ мыкьэнэшхэр щхьэ кьэпIэтыт хуей?

Е геноцидыр къэдгъащIэ. ЩыIа геноцидыр ди льэпкъым теухуауэ зыкIпэмэ, щыащ. Ар псоми дощI. Абы Урысейр щыхьэт тегъэхьуэн хуейщ жаIэу кьоув зыкъом. Темыхь уэмэ-щэ? Апхуэдэ льэбакьуэ абы иджыпсту пхуичыну щэсыпIэ ихьэгъуейщ. Ар щыпщIэкIэ, уи жагъуэгъуэхэм псальэмакъ мыфэмыщ щхьэ иребгъэкьэжьэн хуей? Адыгэм жаIэ: «Уи тепIэн епльи, уи льэ укьуэдий». Иджыри апхуэдэ зы псальэмкъ: «ШхыIэнкIэ нэхь кIыхь хъуркъым и льапэмкIэ пыбгъэжкIэ и гупэмкIэ пыбдэжкIэ».

- Иджы сызэрыноупщIынум уэзригъэгъуэвгъэ сощIэ, Увжыкъуэ. Ар бзэм и Iуэхуращ. Льэпкъым и пщIэдмк егупсысхэр имыгъэпIейтейуэ къыкIэркъым. КIуэтэку адыгэбзэр нэхъ къаруущIэ зэрыхьэм, щIэблэм ящыщ куэдым, псом хуэмыдэу къаIэдэсхэм, ар дахэ-дахэу зэрахуэмыгъэшIэрыуэжьым. Абы и Iуэхур рауэщыщкIэ ди льэныкъуэмкIэ?

- Сэ Къэбэрдей-Балькъэрым ильэс 17-кIэ сыщыпсэуащ. Иужь ильэс зыхыбIым зимыхьуэжамэ, ди деж1э абы и Iуэхур зэрыщIытым сыщыгъуэдзащ. А зи гугъу пщIыр ди Къэрэшей-Шэрджэсми зыкIи щIэнэхьфIкъым, щымынэхь Iейм». ПщIэжу кьыщIэкIынщ, 80 гъэхэм и кIэхэм зыгуэрэр кьэувауэ щытащ шэрджэсри кьэбзэрдейри льэпкъ зырызщ, ди литературэри щхьэхуэу щытын хуейщ жари. Ди жагъуэ зэрыхъэнщи, абы и зэран кьыдэжащ, литературэхэр зэгуэха хьурэ. Ди республикэм щыпсэу адыгэр, нетIи жысIаци, дызэрыхьэр мин 57-рэщ. Къэбэрдейр мелуан ныкъуэм фынос. АтIэ дэ зыбгъ упщIкIэ дыщынэхь мащIэкIэ, ди тхакIуэ-усакIуэхэри, ди льэныкIныгъэри нэхъ мащIэнукъэ? Абы щхьэ демыгупсасарэ? А псор зэран хуохьу льэпкъыбгъэми льэпкъ литературэми. Литературэр - бзэм и гущIэ. Тхьбзэ дыщимыIэм щытщ э ар IуэрыгуэтэкIэ, уэрэдыжькIэ льэпкъым кьыдэгъэгурыкIуащ. Иджы ди бзэм и Iуэхур апхуэдэу щыхэплъэгъуэкIэ, ди анэдэлъхубзэр едгъэзыжьну тхуэхъ: сыхьэт бжьыгъэр урысыбзэкIэ иратым хуэдизу щыпсэуащ. Ди бзэм зедгъэжьыни, абы щIэблэр дезгъэзыжьыни папщIэ ди щIыналъэр нобэ щыIэу сльагъур литературэрщ. Абы гульытэ нэхьыбэ хуэщIын хуейщ. ИтIанэщ бзэр нэхъ хуэмай щыхьунур. КIэщIу жыпIэмэ, дызэзэгугъэхьэн хуейр мащIэкъым адыгэ льэпкъым зыдужьыну, ди щIыналъэр кьэрэгъэщIэжыну, ди бзэр тхъумэну дыхуейуэ щытмэ.

Епсэлъар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Налшык - Черкесск.

● Джэрпэджэж

Адыгэбзэр къедгъэлынумэ...

Гу лъымытэнкIэ Iэмал имыIэу псальэмакъ зэкIэлъыпыт къринкIуащ Хьж Сэфарбий и «Адыгэбзэр къедыдгъэгъэл» тхыгъэм. Абы теухуауэ гъэзэнчъэм къэтхэ дэтхэнэ зым iуэху зэрыхьхьэр нэхъ зэрыщIэныжьхьэр щымыIэу, и гупсысэхэм нэхъри тригъэчыныжьу Хьэхым къытридзащ «Адыгэбзэр къедыдгъэгъэл» тхыгъэм къыпэджэжахэм» статьяр. ЕкIуэжа псальэмакъым хэ и Iуэху епльыкIэр нэхъ сфIэтэнэмми, хэт арэзы сыдэмыхьуми кIыхьу сытепсэлъыхьыну сыкуейкъым. КъыззэрызэгъэзэжьыкIэ, льэпкъ щIыкIухэм я бзэр ящIэжьыныкIи яджыжьныныкIи езыхэм Iэмал хальхъжьурэ емыкIуэжIмэ, замыхьуэмжмэ, кьэралым ису хъуар зэхэщIыпсыхьыжу зы бзэкIэ псальэу хъуми, нэхъ лъагэу тет упафощIхэм гуэзэгъэгъэщIэгъуэ хальхъэгъэнуэкIым. Апхуэдэ кьэзыкъуныкIэ «дэIэпыкъуэгъуфI» мэхъу: льэпкъ кьызэрыгъэкIар зыхимыщIэфу, и бзэм и хабзэмк щIэ хуимыщIыжьфу, нэгъуэщI льэпкъхэм яхудэнэцIей гуншэ-псэшэ зырызхэр. (Ауэ апхуэдэхэри «къэзыгъэкIыжьр» дэракъэ?) «Фымыдж, зэвяныгъащ, фримыпсалъэ, - жаIэу наIуэ кьыщыптэрмыуцIыкIэ, бзэр зей дэращ абы еIэ-лIэжьи хуейри, Iэмалхэр къэзыгъэтытхъэри.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ Республикэм щыщ Куэшъхьлэ къэбэрдей кьуажэм 1949 гъэм кьыщальхащ нужьыкIэ штангист щIэрыIуэ хьуа Чыржьи Мухьэрбий. Атлетикэ хьэлъэм пасэу дихьэха адыгэ щIалэр СССР-м, Европэм, дунейпсом ящыгъуэ ящыгъуэ. 1972 гъэм Мюнхен кьалэм щекIуэкIа Олимп Джэгуэгъэм Чыржьиир чемпион щыхъуащ.

Сурэтым Мухьэрбий *(я кум дэ тщI)* **и ныбжьыгъуэхэм я гъусэу зегьэпсэху.** *1973 гъэ*

● Гу зылъытапхъэ

Адыгэ махуэгъэпсыр къэфщэхуну фыхуеймэ

УЭРЫШНурхьэлий рэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ 2012 гъэм и адыгэ махуэгъэпсэ къызэрыдагъэкIам и зыбар зэхэзыхха хуэд «Адыгэ псалъэ» газетым къопсалъэ, ар къыщыпщэху хъуну щIыпIэм къыщIоупщIэ. Махуэгъэпсыр къэзыщэхуну хуейхэм ар къыщагъэтынуц:

Налшык къалэ:

«Адыгэ уна» тыкуэным *(Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 49);*

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэным *(Головко и цIэр зезыхьэ уэрам, 6);*

«Тамерис» шхапIэм *(Кутиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 3);*

«Роспечать»-м *(Ленинымрэ Толстоймрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэхIыпIэм деж щIэ газет щапIэм);*

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм *(Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, I-нэ къат, телефон: 47-22-63, сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ 14 хъуху);*

Куейхэм:

Бахъсэн, Тэрч районхэм я Адыгэ Хасэхэм я IуэхущIапIэхэм.

Апхуэдэуи гу лъыввэдгъэтэну дыхуейт махуэгъэпсым и бжьыгъэ хуэд зэрымыхьум, ар псоми зэралъымысынум. Араущ, ар зи гуэ илъыну, лэжьапIэхэм къыщызгъэсэфынну хуейхэр IуэхуцIапIэм щыгъэхьэщIэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщIым и къуэдзэ **Махуэ Владимир Башир и къуэм**хуогузаз абы и адэ **Махуэ Башир Iэбу и къуэр** зэрылIам къыхэжIыкIу.

структурнэм и закъуэу епхауэ зэрыщымытырщ. Ауэ унэтIынныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Шэджьихьэщ1эм и методикэр дкыныр, абы зэгъэужьынырщ. Иджыпсту тIыпытым и къарур зрихьэлIэр структурэ щIэныпхъэр и лъабжьэ щыгъэзэм хуегъэджэнныр зэфIэгъэуцэныщ. Псалъэ сыт хуэдэ пэжкIыгъэр зэрыщIыпхъэр - зы мыхьэнэ, мыхьэнэ куэд зиIэ псалъэр, синоним, антоним, омонимэр, псалъэм и мыхьэнэ дыдэмрэ мыхьэнэ зэхэжьламрэ - кууэ джа мэхъу.

Иджыпсту институтыр йолэжь 2 - 4-нэ, 5 - 7-нэ классхэм адыгэбзэ зэрыщадж хъуну экспериментальнэ пособиехэм. Дэжьыгъынэ нэбгырабзэ, пособиехэр кьыщыхьыщи, ахэр еджапIэхэм щыгъэнэхэун хуейщ, щэнэгъэлIэхэри егъэджэнныгъэ лэжьыгъэр кьыззэрытэнщ кьупльыкIэхэри кIэпльыпIу хагъэгъэр уэрыкъуэ кьащIын хуейщ. Иджыпсту зэрыгъащIэ «Адыгэбзэ» тхыльхэр щIэуэ къыдагъэкIыжьа къудейщ. Республикэм щыхэIущIыIу структурэ щIэныпхъэм мы тхыльхэр ирилъэфкIуэну пIэрэ жиIэу зыри епIащ. Абы щыгъуэми кьыжьыIапхъэщ нэгъуэщI льэпкъым кьыжьэкIам кьигупсыс Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэхъ зыхуэхуэкIэри зыхуэщхьэпэри ар кьэзыгурыIуэр. Зэхуэдэу бзэхэм я хабзэр зэрапIэр структурэнэ щIэныпхъэр кьуэрыгъэр. Ар зэрыгурыIуэхэм я дежкIэ тынщIэкъым ар ягъэлъэпIащ. Зэхуэдэу бзэхэм я зэрыщIэныгъэмкIэ - щIэныгъэ лэжьакIуэ нэс Шэджьихьэщ1э Марие дуней зэрыхьжамкIэ кьахуэгъэзагъэ нкIи лъэIукIэ зыкьыхуагъаззу. Бзэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор Лопатин В.В., профессор Мощинскэ Н.Б., профессор Березовскэ Т.Ю., бзэ щIэныгъэмкIэ доктор Улуханов И.С., нэгъуэщI зыбжьанымэ я Iэ зыщIэдзам итт езыр зи унафощIа институтым Шэджьихьэщ1эм и цIэр фащщыкьину, абы иригъажьа Iуэху щхьэпэр зыдужьыну, ди щIыналъэр Iуэгъуэжьыну зэрыщIэлъэIур. Марие кьызэрыригъэзэща институтыр абы и уэжькIэ Iуэхуэ хагъэгъэкIыр кьыбгъэдэкI фэеплъ саугъэтэхэр.

структурэм и закъуэу епхауэ зэрыщымытырщ. Ауэ унэтIынныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Шэджьихьэщ1эм и методикэр дкыныр, абы зэгъэужьынырщ. Иджыпсту институтым и къарур зрихьэлIэр структурэ щIэныпхъэр и лъабжьэ щыгъэзэм хуегъэджэнныр зэфIэгъэуцэныщ. Псалъэ сыт хуэдэ пэжкIыгъэр зэрыщIыпхъэр - зы мыхьэнэ, мыхьэнэ куэд зиIэ псалъэр, синоним, антоним, омонимэр, псалъэм и мыхьэнэ дыдэмрэ мыхьэнэ зэхэжьламрэ - кууэ джа мэхъу.

Иджыпсту институтыр йолэжь 2 - 4-нэ, 5 - 7-нэ классхэм адыгэбзэ зэрыщадж хъуну экспериментальнэ пособиехэм. Дэжьыгъынэ нэбгырабзэ, пособиехэр кьыщыхьыщи, ахэр еджапIэхэм щыгъэнэхэун хуейщ, щэнэгъэлIэхэри егъэджэнныгъэ лэжьыгъэр кьыззэрытэнщ кьупльыкIэхэри кIэпльыпIу хагъэгъэр уэрыкъуэ кьащIын хуейщ. Иджыпсту зэрыгъащIэ «Адыгэбзэ» тхыльхэр щIэуэ къыдагъэкIыжьа къудейщ. Республикэм щыхэIущIыIу структурэ щIэныпхъэм мы тхыльхэр ирилъэфкIуэну пIэрэ жиIэу зыри епIащ. Абы щыгъуэми кьыжьыIапхъэщ нэгъуэщI льэпкъым кьыжьэкIам кьигупсыс Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэхъ зыхуэхуэкIэри зыхуэщхьэпэри ар кьэзыгурыIуэр. Зэхуэдэу бзэхэм я хабзэр зэрапIэр структурэнэ щIэныпхъэм и къуэрыгъэр. Ар зэрыгурыIуэхэм я дежкIэ тынщIэкъым ар ягъэлъэпIащ. Зэхуэдэу бзэхэм я зэрыщIэныгъэмкIэ - щIэныгъэ лэжьакIуэ нэс Шэджьихьэщ1э Марие дуней зэрыхьжамкIэ кьахуэгъэзагъэ нкIи лъэIукIэ зыкьыхуагъаззу. Бзэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор Лопатин В.В., профессор Мощинскэ Н.Б., профессор Березовскэ Т.Ю., бзэ щIэныгъэмкIэ доктор Улуханов И.С., нэгъуэщI зыбжьанымэ я Iэ зыщIэдзам итт езыр зи унафощIа институтым Шэджьихьэщ1эм и цIэр фащщыкьину, абы иригъажьа Iуэху щхьэпэр зыдужьыну, ди щIыналъэр Iуэгъуэжьыну зэрыщIэлъэIур. Марие кьызэрыригъэзэща институтыр абы и уэжькIэ Iуэхуэ хагъэгъэкIыр кьыбгъэдэкI фэеплъ саугъэтэхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым премьер-лигэр щагъэлъапIэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэр илъэсипщI, Урысей чемпионатхэр илъэс 20 зэрырикъуэр Къэбэрдей-Балькъэрым и щыхьэрым щагъэлъапIащ. Абы хэтыну Налшык къэкIуащ УФ-м и профессионал футбол лигэм и президент, Урысей футбол зэгухьэныгъэм и вице-президент Прядкин Сергей зи пашэ гуп.

ЗИ КОМАНДЭХЭР премьер-лигэм щыджэгу кьалэхэм мы илъэсым кьриубыдэу махуэшхэ зэхьыхьэр щекIуэкIащ. Мыгъэрей тоджэгу зэхьэзэхуэм и иужьрей зэIуIэну Налшык щекIуэкIам и пэ кьыжуэу, КъБР-м и кьалащхьэм гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр щызэхэтащ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, ильэсым и пэщIадзэм щегъэжьауэ республикэм щекIуэкIащ футболым теухуа сурэтхэр щыным, фIыуэ яльагъу командэр «макъ жьгъыркIэ» дэзыыгъэхэм я зопеуэ, «Спартак-Налшык» - «Спартак» - ныбжьыкIэ я нэхъ дахэр кьыхахащ. А псоми я кIэухыу щытащ республикэм и сабий футболкэ футбол цIыкIымкIэ я зэхьэзэхуэу «Спартак» топ джэгуплэм щекIуэкIащ.

Абы хэтащ «Спартак-Налшык» футболкэ щыныр и гъэсэнхэр, Бахъсэн, Нарткъалэ кьалэхэм, Псыгуэнсу кьуажэм я командэхэр. Зэхьэзэхуэм хэта дэтхэнэми Урысей профессионал футбол лигэм кьыбгъэдэкIыу топрэ футболым зэрыхэт щыныныгъэ иратащ.

Зэпеуэм щытекIуащ Нарткъалэ и футболист ныбжьыщIэхэр. Псыгуэнсу и командэмрэ «Спартак-Налшык» я гъэсэнхэмрэ етIуанэ - ещанэ увыпIэхэр зэдагуэшащ, турнир таблицэр Бахъсэн и топджэгухэм зэхуащIыжащ.

Футболист ныбжьыщIэхэм ящыщ Бахъсэн сауэтэхэр щратым кьрихьэлIащ Прядкин Сергейрэ «Спартак-Налшык» командэм и унафощIэм я советым и тхьэмадэ Былымгъэт Анзоррэ.

- Республикэм топджэгум зыщегъэжьыныныкIэ IуэхугъуэфI куэд щызэфIагъэкI. Къэбэрдей-Балькъэрым зыщIыщIэсэ футболист Iэджэм Урысейм и щыналъэ куэдым ехьулIэныгъэхэр яIэу зыкъыщагъэльагъуэ. Фи футбол командэм топджэгу, тренер гъэщIэгъуэнкэр игъэхьэзыращ. Дэ - РФС-м и унафощIэмк - фи результатхэм ящыщ Iуэху ящIэ ди деж футболым зыщиужьыныныкIэ тхуэзэфIэкI къэдгъэнэркъым. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, «Спартак-Налшык» ПФК-м и унафощIхэм зэфIах лэжьыгъэм папщIэ фIыщIэ яхуэсщIащ. Президент Сергей

Зэпеуэ нэужьым хьэщIэ льапIэхэр зригъэблэгъащ КъБР-м футболым зыщегъэужьыныныкIэ программэр зэхэзыгъэкIыр зезыгъакIуэ, республикэ Правительствэм и апэ вице-премьер Абрэдж Iэдиб. ЗэIуIэм щытепсэлъыхьащ футболым нэхъри зегъэужьынырщ кьызэгъэпэщыжьыну теухуа Iуэхугъэхэм.

«Спартак-Налшык», «Тэрч» командэхэм я зэIущIэм и зыгъэпсэхугъуэ дакьыкъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и футболым и вотёранхэм ираташ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм кьыбгъэдэкI фэеплъ саугъэтэхэр.

КЪАМБИЙ Ислъам.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафощIым и къуэдзэ **Махуэ Владимир Башир и къуэм**хуогузаз абы и адэ **Махуэ Башир Iэбу и къуэр** зэрылIам къыхэжIыкIу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаес Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьаро Алик.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щрихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядзэлъэнымкIэ - 42-60-53; хьэбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; щрагъажьэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр эзтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэтащ1эдзаэм яхуэхьынымрэ щIэ дэльщ КъБР-м и федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хэтныныгъэр зэрыщIэтыгъ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту иГхащ.

Зы льэпсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Нинэ** *(1, 2-нэ нап.),* **корректорхэм я дзIэныкъуэгъэм Мырзэкан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3904